# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 अप्रैल 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस में आम चुनाव के दुसरका फेरा बदे नामांकन क प्रक्रिया जारी हौ। आजु मेरठ–हापुड़ लोकसभा सीटि से भारतीय जनता पारटी क ओम्मेदवार अरूण गोविल नामांकन पत्र दाखिल कइलें। प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य के सथहीं कई गो भाजपा नता मौजूद रहलें। बाद में सज्जो नेता अउर कार्यकरता एगो रोड शो निकरलें। ओहीं दुसरकी ओरि प्रदेस क गौतमबुद्धनगर लोकसभा सीटि पर आजु छौ ओम्मेदवार नामांकन कइलें। एहमें बहुजन समाज पारटी क ओम्मेदवार राजेन्द्र सिंह सोलंकी के सथहीं निर्दलीय ओम्मेदवारो सामिल हवें।

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सथहीं दुइ दरजन से बेसी सीनियर भाजपा नेता आजु प्रदेस के कई गो जिलन में अपने पारटी के पक्ष में चुनाव परचार कइलें। सीनियर भाजपा नेता योगी आदित्यनाथ आजु बरेली, बदायूं अउर पीलीभीत में प्रबुद्धजन सम्मेलन के सम्बोधित कइलें। येह दौरान उहां के प्रबुद्ध समाज से अपीलि कइलें कि ऊ जनता में अइसन सनेसा दें कि सज्जो लोगि तिसरका बेरि भाजपा सरकार बनावे बदे आगे आवें। अनुराग सिंह ठाकुर, स्वतंत्र देव सिंह, सुरेश खन्ना, ब्रजेश पाठक, केशव प्रसाद मौर्य, महेन्दनाथ पाण्डेय के सथहीं दुइ दरजन से बेसी सीनियर भाजपा नेता प्रदेस के अलगि–अलगि जिला में अपने पारटी के पक्ष में चुनाव परचार से जुड़ल कार्यक्रमन में हिस्सा लिहलें।

दुसरे ओरि समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव आजु कन्नौज में भारतीय जनता पारटी पर हमला बोलत कहलें कि बिपक्षी नेता लोगिन के प्रताड़ित कइल जा रहल हौ अउर जांच एजेंसियन से दबाव बनावल जा रहल हौ। अखिलेश यादव कन्नौज में कार्यकरता लोगिन से सम्बोधित करत रहलें। कांग्रेस क उत्तर प्रदेस प्रभारी अविनाश पाण्डेय लखनऊ में प्रदेस अध्यक्ष अजय राय के सथहीं कई गो कार्यकरतन के साथे बइठकी कइ के चुनाव तइयारियन क समीक्षा कइलें।

**********

लोकसभा चुनाव में बढ़ि चढ़ि के मतदान करे खातिर मतदाता लोगिन के प्रेरित कइले से जुड़ल कई गो मतदाता जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हौ। अलगि–अलगि जिला से हमरे संवाददाता लोगि जनकारी दिहले हवें कि येह कार्यक्रम में निर्वाचन से जुड़ल अधिकारी अउर आम मतदाता ढेरि संख्या में हिस्सा ले रहल हवें। अमरोहा में जहवां एक ओरि परिवहन विभाग की ओरि से मेरा वोट मेरा अधिकार के स्टिकर गाड़ियन पर लगा के लोगिन से मतदान कइले क अपीलि कइल गइल ओहीं, मस्जिदो में सरधालुअन के बिच्चे जा के राष्ट्रीय सेवा योजना क कार्यकरता मतदाता जागरूकता अभियान चलवलें। सम्भल जिला में मेगा मतदाता जागरूकता दौड़ क आयोजन कइल गइल। हरदोई में परिषदीय विद्यालय के लइकन, अभिभावक अउर सिक्षक मतदाता जागरूकता रेली में हिस्सा लिहलें। लइके अपने माता–पिता के ओट डरले क संकल्प दियवलें। बुलंदशहर में मतदाता जागरूकता गीति बजावत बढ़िचढ़ि के मतदान करे क अभियान चलावल जा रहल हौ। मथुरा में जहवां मतदाता जागरूकता बदे पोस्टर अउर स्लोगन अभियान चलल ओहीं, कौशाम्बी में गैस सिलिण्डरन पर पहिले मतदान करें फेर भोजन बनावें ई सनेसा लिखि के मतदाता जागरूकता अभियान चलावल जा रहल हौ। हमीरपुर में बाइक रैली आयोजित भइल त ओहीं, जौनपुर रेलवे स्टेसन पर अभियान चला के मतदाता लोगिन के जागरूक कइल गइल।

गोरखपुर में मतदाता जागरूकता क एगो अनोखा अभियान सुरू कइल गइल हौ। गोरखपुर जिला के विधानसभा क्षेत्र खजनी, बांसगांव अउर चिल्लूपास में पुरूस क ओटिंग प्रतिसत जिला के औसत मतदान से ढेर कम रहे ला, जेकर खास वजह पुरूस लोगिन के रोजिगार के नाते बहरे रहल हौ। अइसन मतदाता लोगिन के प्रेरित करे बदे मतदान खातिर राखी अभियान चलावल जाई अउर ओह मतदाता लोगिन के फोन पर सोसल मीडिया के जरिया से मतदान खातिर राखी प्रपत्र भेजल जाई।

**********

निर्वाचन आयोग की ओरि से सज्जो जिलन में निर्वाचन ड्यूटी से जुड़ल सज्जो अधिकारी अउर करमचारियन के मतदान प्रक्रिया क लगतारे ट्रेनिंग दीहल जा रहल हौ। हरदोई में जिला निर्वाचन अधिकारी लोकसभा निर्वाचन बदे स्थापित कइल गइल कंट्रोल रूम क निरीक्षण कइले के बाद सीविजिल एप पर मिलल सिकाइतिनि के सौ मिनट के भित्तरे निपटारा कइले क निरदेस दिहलें। ओहीं पीलीभीत जिलो में मतदान करमियन के ईवीएम मसीनि अउर वीवीपैट से जुड़ल ट्रेनिंग दीहल गइल। उन्नाव में चुनाव ड्यूटी में तैनात पुलिस करमियन के पोस्टल बैलेट के जरिया से मतदान कइले क पूरा प्रक्रिया सीनियर अधिकारियन की ओरि से समझावल गइल। मऊ जिला में पुलिस लोगिन में भरोसा पैदा करे खातिर फ्लैग मार्च कइलस।

**********

चित्रकूट मे झासी मिर्जापुर हाइवे पर भईल एगो सड़क हादसा में सात लोगिन क मौत हो गईल और तीन लोगि घाही हो गईले। हादसा करवी कोतवालीइलाका के अमानपुर गावे मे भईल जहवां चित्रकूट धाम रेलवे स्टेशन से यात्री लोगिन से भरल एगो आटो भरतकूप के ओरि से आ रहल डंफर के चपेटा मे आ गइल। आटो मे सवार तीन लोगिन क ओहीजुकवे मौत हो गईल जबकि चार लोग इलाज के दौरान दम तोड़ दिहले ओही दूसरी तरफ सामली जिलों एगो ट्राली के चपेटा मे आके बाइक पर सवार एगो मनइ अउर ओकर गरभवती मेहरारू क मौउति हो गइल।

**********